# Сау гæды.

Иу хъæуы цардис зæронд лæг, уыдис ын æртæ фырты. Кæстæрæн йæ ном хуындис Гаги. Лаппуйæн уыдис хорз æмбал – йæ сау гæды. Гаги йæ тынг рæвдыдта, лæвæрдта йын хæринаг, скодта йын хъарм æмæ фæлмæн бынат. Бахъуаджы заман  сау гæды æнæзивæгæй æххуыс кодта йæ уарзон хицауæн. Иу ахæмы лæг дзуры йæ фырттæм: «Чидæр фæцахуыр цæхæрадоны нæ къабуска давын. Æз цæуын æрмукъамæ, ме' рцыдмæ давæджы æрцахсут».

Фыццаг æхсæв ацыд хистæр æфсымæр къабуска хъахъхъæнынмæ. Фæфынæй кодта, никæй федта.

Иннæ æхсæв ацыд хъахъхъæнынмæ астæуккаг æфсымæр. Фæтезгъо кодта, фæлæ никæй æрцахста.

Æртыккаг æхсæв æрцыд кæстæр æфсымæры рад. Тынг тарст Гаги æмæ дзуры йæ гæдымæ: «Тынг тæрсын æз давæгæй». Гæды скаст лаппумæ æмæ йæм йæ фæлмæн хъæлæсæй дзуры: «Цу, Гаги, бафынæй кæн, æз мæхæдæг бахъахъхъæндзынæн давæджы». Ацыд Гаги фынæй кæнынмæ, райсомæй раджы кæсы – йæ уаты астæу пъолыл хуыссы хъуг. Лæппу тынг бацин кодта, гæдыйæн раарфæ кодта давæджы кæй æрцахста, уый тыххæй. Зæронд лæг куы æрбаздæхт æрмукъайæ, уæд дисы бацыд. Уæдæй фæстæмæ къабуска ничи уал давта.

